

**CONTOH KATA SAMBUTAN IBU RT
DALAM BAHASA JAWA (2)**

“MENGETI IBU KARTINI”

Oleh : Hasya

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ
الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ. وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ. وَالصَّلَاةُ
وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِ الْمُرْسَلِينَ. نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَذُرِّيَّتِهِ
وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

Ibuingkang kawulo hormati !

Ibu ingkang kawulo hormati !

Soho sedoyo ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Kaping sepindah, kawulo muji dumateng ngarsanipun Gusti Alloh, Gusti ingkang rumekso sekabihing jagad. Dumateng Gusti Allah kito sami nyadong pitulungan samukawis perkawis gesang meniko, ngenani perkawis ndonyo punopo perkawis agami. Sholawat soho salam ugi kito unjukaken dumateng junjungan kito penghulu rasul Nabi kito Muhammad, dumateng sedoyo keluargonipun, poro sahabatipun, poro anak putunipun, soho sedoyo tiyang ingkang purun mituruti kanti ngelampahi kabecikan ngantos dumugi dinten kiamat mangke.

Ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Kaping kalhipun, monggo kito sami mujudaken roso syukur dumateng ngarsanipun Gusti Alloh ingkang sampun maringi samukawis kanikmatan, khususipun kanikmatan sehat soho sempat. Kanti kanikmatan sehat soho sempat meniko kito sami wekdal sameniko saget pepanggihan, muwajjahah, wonten mriki..... (disebutkan tempat, misalnya rumah siapa atau kantor apa) gegandengan acara rutin selapanan meniko.

Ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Kaping tigonipun, kawulo bade tangklet dumateng panjenengan sami. Kerso...? Alhamdulillah ! Cobi ... (menyanyikan penggalan bait lagu ini) :

... Putri sejati
Putri Indonesia
Harum namanya

Monggo dipun lajengaken (menyanyikan bersama-sama) :

... Ibu kita Kartini
Pendekar bangsa
Pendekar kaumnya
Untuk merdeka ...
(diakhiri sampai di saja)

Matursuwun, ibu-ibu

Ibu-ibu, cobu, lagu menopo niku wau, ayo ? Wah, yo ngisin-ngisini menawi kito sami boten mangertosi lagu niku wau. (Setelah salah seorang peserta menjawab) Leres..., sepuluh bijine ! Lagu “Ibu Kita Kartini”.

Punopo menggah suraosipun soho wigatosipun lagu kolowau, punopo malih kagem bebrayaning agesang samangke ?

Ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Kathah saleresipun suraos ingkang saget kito dadosaken pengiloning agesang samangke. Ananging namung tigang perkawis kemawon ingkang bade kawulo aturaken wonten kesempatan puniko, injih meniko : *ongko sepisan*, putri sejati; *ongko loro*, pendekar bangsa, soho *ongko telu*, untuk merdeka.

Putri sejati, ibu-ibu ...! Ibu Kartini meniko putri sejati. Lho, punopo wonten putri sanes sejati ? Who, zaman sameniko kathah sanget, lho. Malah medeni wong, lha putri daden-daden ? Sing wanito kepengin dadi priyo, sing priyo kepengin dadi wanito. Leres nopo leres ? Anehe pinter ndalil. Ndalile yo, panjenenganipun ingkang minulyo almarhumah R.A. Kartini ingkang dados “wedhus ireng” ... “Kambing hitam”. Lha mangke menawi sampun katelasan wdhus ireng, yo golek-golek wedhus putih diwenter ireng. Leres nopo leres ? Emansipasinipun ibu Kartini ngendikane. Tamongko ibu Kartini piyambak injih sesimah, kawengku priyo, mbobot, soho babaraken jabang bayi.

Samangke kathah lho, ibu-ibu, ananging boten ibu-ibu mriki. Ibu-ibu mriki sage-sahe. Ibu-ibu meriko tanah sabrang. Ibu-ibu sing podho ngroso risih nyusoni bayine. Supe bilih ASI meniko sanget mumpangati

dumateng perkembangan jiwa soho rogo si bayi kolowau. Eh, malah disusoni nganggo ASU ... (berhenti sejenak). ASI, Air Susu Ibu. ASU, Air Susu Umum. Ampun ngantos kalentu penampi lho ? ASU boten Air Susu milik Umum. Meniko..., susu kaleng. Susu kaleng meniko meniko njih sahe kagem tambahan gizi, nanging menawi saget mawi ASI ngantos kalih tahun rumiyen. Ben mengkone, bayine yen sampun dungkap kadewasan, trapsilo, unggah-ungguhe, akhlakipun, kados kesolehanipun bopo lan biyunge. Pramilo menawi wiwit pecethet, jebrol, terus disusoni nganggo ASU, alias susu sapi, yo ojo nyalahno sopo-sopo, yen dungkap kadewasan, trapsilo, unggah-ungguhe, akhlakipun putro putri samangke koyo ... sa ...pi ! Leres nopo leres ?

Salajengipun, pendekar bangsa. Ibu-ibu, senaoso kito sami meniko sampun ngugemi dados putri sejati kanthi sumarah ..., nerimah ..., kinodrating Gustialah..., ojo podho salah..., mung pasrah..., mbegegeg ugeg-ugeg ora obah, ora tahu metu songko omah. Penggawehane amung olah-olah barang mentah, senenge ngklirik tonggo kiwo tengen omah, lai nggulo wenthah bocah, pungkasane omah-omah bubrah.

Ibu Kartini dadi tuladan. Pendekar ! Suraosipun, ibu-ibu, prowanito meniko kedah saget dados pahlawan, gagah berani kanthi suraos makaryo kagem jumejering agesang wonten bale somah, wonten rukun tetangga, wonten masyarakat, soho bangsa dan negara, miturut kawasisanipun, tugas, soho fungsipun piyambak-piyambak.

Ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Ibu-ibu, saleresipun Kartini-Kartini meniko tebih saderengipun ugi sampun kasebataken wonten Al-Qur'an punopo wonten Hadits kanjeng Nabi Muhammad Shallallaahu 'alaihi wa sallam. Putri Bilkis pendekar negeri Saba', Siti Asiyah, garwanipun Fir'aun, ugi pendekar. Lajeng, Dewi Masithoh, A'isyah garwanipun kanjeng Nabi, ugi prosohabatipun kanjeng Nabi ingkang ngayahi tugas ngupokoro prosohabat wonten paperaangan. Khususipun bongso kito, injih meniko kados Ibu Kartini, Cut Nya dien, Dewi Sartika, soho sanes-sanesipun. Lha kito sami meniko pendekar punopo ? Injih paling boten kito sami kedah saget dados pendekar njejegno tentrem ayeme keluarga. Yen keluargone podho tentren ayem, RT-ne yo melu tentren ayem, desane, kecamatane, terus bongso negarane meniko ugi makaten.

Pungkasanipun, untuk merdeka. Suraos merdeka meniko ampun ngantos geseh. Merdeka boten mengku suraos bilih kito sami meniko kantuk sakarepe dhewe, bebas ... bas ... bas ... bablas, whes hewes hewes, bablas

angine. Boten, boten kados makaten suraosipun. Merdeka, bebas nderek nyengkuyung mikiraken samukawis kabecikan bebrayaning ngaurip, bebas nderek pakempalan-pakempalan khususipun pengaosan kados ingkang nembe kito sami ngawontenaken meniko. Ibu-ibu, panjenengan sami menawi kemawon dereng nate mireng menawi Ibu Kartini ugi merdeka ngenani nderek pakempalan pengaosan ?

Leres meniko ! Panjenenganipun Ibu Kartini satunggaling wakdal nderek pengaosanipun Romo Kiyai Soleh wonten Pendopo Kesultanan Demak. Pas, kiyai nembe njlentrehaken surah al-Fatihah. Panjenenganipun nyuwun dumateng romo kiyai amprih Al-Qur'an dipun beberaken ngagem boso jawi. Romo Kiyai bingah sanget, lajeng dipun minangkani panyuwunipun Ibu Kartini kolowau. Lajengipun Kiyai Soleh nganggit Kitab tafsir kanthi beberan boso Jawi, injih meniko kitab *Faidh al-Rahman fi Tafsir Al-Qur'an*. Kitab kolowa dipun hadiahaken dumateng Ibu Kartini, dados kadonipun makaten.

Ibu Kartini sanget bingahipun lajeng ngendikan, “Nganti tumeko saiki al-Fatihah peteng (gelap) kanggoku. Aku ora ngerti seklimaho surasane. Nanging sawuse dino iki dadi terang gamblang (terang-benderang) nganti makno-makno kang samar, sebab Romo Kiyai wus beberake nganggo boso jowo kang tak ngerteni.”

Ibu-ibu, hadhirat ingkang minulyo !

Kanti kitab kolowau Ibu Kartini manggihaken ayat ingkang sanget ngresep wonten manahipun, injih meniko surah Al-Baqarah ayat 257 ingkang nyebataken, bilih Gusti Allah ingkang sampun nuntun tiyang-tiyang mukmin saking peteng leliwengan (gelap) tumuju menyang pepadang anjingglang (cahaya), injih meniko “*Minadh-Dhulumaati ilan Nuur*”. Ringkesing rembug, salejengipun sumebar kuncaranipun buku “Habis Gelap Terbitlah Terang”

Dados, ibu-ibu, kanti tambahing ngelmu kito ngenani Ibu Kartini meniko, supados kito sami prowanito, kaum ibu, saget nuladani Ibu Kartini kanti wutuh, paling boten kito sami saget dados putri sejati, pendekar keluarga, mundut suraos kamardikan utawi kabebasan ingkang trep dumateng gearising agami soho angger-anggering bebrayaning ngaurip wonten salebeting masyarakat, bongso soho negoro kito.

Wusananing atur, makaten sambutan kawulo, mugi-mugi saget mumpangat khususipun dumateng kawulo pribadi soho keluarga kawulo, ugi dumateng kito sedoyo ingkang sampun bucal wekdal nyempetaken

hadir wonten acara rutin selapanan meniko. Kawulo ngrumaosi bilih kawulo kirang subositho soho tutur wicoro kawulo kirang dangan wonten penggalih ibu-ibu ingkang minulyo, kawulo nyuwun sih pangapuranipun.

Akhirul kalam wa billahit taufiq wal-hidayah ...

وَالسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ